



# **AVI POU SANTE SOU PRATIK KONFIDANSYALITE**

[Notice of Privacy Practices – Haitian Creole]



Dat efektif: 11 fevriye 2022

### **Avi pou Sante sou Pratik Konfidansyalite HIPAA**

**Avi sa a dekri kijan enfòmasyon medikal sou ou yo ka itilize ak divilge ak ki jan ou ka jwenn aksè ak enfòmasyon sa yo. Tanpri revize li ak anpil atansyon.**

Si ou gen nenpòt kesyon sou avi sa a, tanpri kontakte enstitisyon swen sante apwopriye ki nan lis ki nan dokiman sa a.

Avi sa dekri pratik sou:

- Tout antite Beth Israel Lahey Health kouvri yo ak patisipan ki nan akò swen sante òganize yo ("Antite BILH yo"). Ou ka jwenn yon lis antite yo nan orè ki tache nan fen avi sa a. Tout antite, sit ak kote sa yo ka pataje enfòmasyon medikal youn ak lòt pou tretman, peman, oswa pou rezon operasyon swen sante ki dekri nan avi sa a.
- Tout profesyonèl sante ki otorize pou antre enfòmasyon sou dosye sante w yo sou kont antite sa yo.
- Ministè ak inite antite sa yo.
- Tout manb ak antite k ap fè benevòl k ap ede ba ou swen.
- Tout anplaye ak pèsonèl epi lòt manb antite sa yo.

Avi sa dekri manyè ou dwe itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou yo. Li dekri egalman dwa w ak kèk obligation ke nou konnen konsènan dilvilgasyon ak Itilizasyon enfòmasyon sou swen medikal ou yo.

### **Nou se obligasyon parapò ak lwa a pou:**

- Bat pou enfòmasyon medikal ki idantifye w yo konsève an privé.
- Bay avi tach legal ak pratik konfidansyalite nou yo nan sa ki konsène enfòmasyon medikal sou ou.
- N ap avèti w si gen yon vyolasyon enfòmasyon sante pèsonèl ki pa anrejistre ou yo.
- Swiv tèm nan avi a ki an vigè aktyèlman la.

## KÒMAN NOU KQ DIVILGE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU.

Sa k ap vin aprè a defini mannyè ke nou otorize pou n itilize ak pataje enfòmason medikal yo. Pou chak kategori Itilizasyon ak pataj, n ap eksplike kisa nou vle di e n ap eseye bay kèk ekzanz. Tout Itilizasyon ni okenn enfòmasyon nan Yon Kategori pap repètorye. Sepandan, tout fason ke n ap gen pou n repètorye ak divilge kèk enfòmasyon soti nan youn nan kategori yo.

- **Pou tretman.** Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou yo pou n ba w yon tretman medikal oswa kèk sèvis. Nou ka bay kèk enfòmasyon sou ou ak bay medsen, enfimyè, teknisyen, etidyan nan medsin oswa ak kèk manb nan pèsònèl medikal sante k ap patisipe nan prosesis tretman ou an nan BILH oswa andeyò de BILH. Diferan ministè ak founisè ka pataje enfòmasyon sou ou pou yo ka kowòdone tout sèvis yo/tretman ke ou gen bezwen, tankou preskripsyon, travay laboratwa ak reyon X. Nou ka bay enfòmasyon medikal ak moun ki enplike nan mentnans sante ou oswa byennèt ou tou, tankou manb nan fanmi w, zanmi w, sèvis sante adomisil, ajans soutyen, klèje, founisè materyèl medikal oswa lòt moun ki bay soutyen medikal ki nesesè ak byennèt ou.
- **Pou pèman.** Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou yo pou le tretman ak sèvis ke w ap resevwa nan BILH yo ka faktire e ke pèman an ka kolekte apati de ou menm, yon konpayi aspirans oswa yon lòt pati. Nou ka di ak plan sante w sou Yon tretman ke ou gen pou w resevwa yon aprobasyon preyalab oswa tou pou w detèmine si plan w la ap kouvri tretman w la. Nou ka bay enfòmasyon ai Moun k ap ede w peye tretman w la.
- **Pou enfòmasyon sou swen sante.** Pou operasyon swen sante. Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou pou tach komèsyal ki nesesè pou operasyon nou yo, notamman pou amelyore kalite swen yo, fòme anplwtre ak etidyan yo, bay sèvis kliyan, oswa mennen kèk tach komèsyal obligatwa nan pi bon sèvi pasyan nou yo ak kominote a. Epitou, nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ak lòt moun nou anboche pou ede nou bay sèvis ak pwogram.

### Lòt ekzanz operasyon sante

- **Rapèl randevou.** Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal pou kontakte ou kòm yon rapèl ke ou gen yon randevou pou tretman oswa swen medikal.
- **Tretman altènativ.** Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal pou nou endike w oswa rekòmande kèk opsyon tretman posib oswa benefis ki gen rapò ak sante ki ka enterese ou.

- **Aktivite kolèk fon.** Nou ka itilize enfòmasyon limite sou ou (ki gen ladan enfòmasyon demografik, dat nesans, dat nan sèvis, Depatman Sèvis, tretman medsen oswa rezulta) pou nou kontakte w nan yon efò pou ranmase lajan pou antite Bilh ak operasyon yo. Si ou pa vle nou kontakte ou nan kad efò nou pou nou ranmase lajan, tanpri kontakte biwo a ki responsab ranmase lajan ki apwopriye nan établisman swen sante ki nan lis ki nan dokiman sa a.
- **Diretwa lopital.** Nou ka mete ladan l sèten enfòmasyon limite sou ou nan repetwa lopital la pandan ke w se yon pasyan ki entène nan lopital la. Enfòmasyon sa a ka gen ladan non ou, kote ou te nan lopital la, kondisyon jeneral ou (eg, bon, jis, elatriye) ak enfòmasyon sou reliyion ou ye. Enfòmasyon ki nan repètwa yo, eksepte sa ki gen ladan l afilyasyon reliye ou, yo ka pataje yo bay moun ki rele ou nan non w. Nou ka bay non ou bay yon manm nan klèje a, menm si yo pa rele w nan non w. Si ou pa vle non w enskri nan lis ki nan repètwa Lopital la Tanpri kontakte enfimyè ou. Nan sitiyasyon dezas, sa ki fè anpil viktim, nou ka divilge enfòmasyon jeneral, tankou: lopital la ap trete kat moun ki soti nan aksidan an.
- **Rechèch.** Nou ka pataje enfòmasyon ak chèchè lè gen yon ekzamen eenstitisyonèl ki te revize pwopozisyon rechèch la ak protokòl ki etabli pou le lavi enfòmasyon sou sante ka aprouve.
- **Tankou sa la Lwa mande.** N ap divilge enfòmasyon medikal ou yo lè Lwa fédéral la, eta oswa rejjyon yo mande sa.
- **Évite menas serye pou sante ak sekirite.** Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou lè sa nesesè pou anpeche yon menas grav nan sante ou ak sekirite oswa sante a ak sekirite nan piblik la oswa yon lòt moun. Nenpòt divilgasyon ta dwe sèlman nan yon moun kapab ede anpeche menase.
- **Sitiyasyon spesyal.** Nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou bay yon antite k ap ede w nan yon efò sekou dezas pou ke fanmi ou ka avize sou kondisyon ou, estati ak kote ou ye.
- **Bay ògàn ai tisi.** Si ou se yon potansyèl donatè ògàn, nou ka divilge enfòmasyon medikal nan òganizasyon sa yo ki okipe akizisyon ògàn sa yo, je oswa transplantasyon tisi oswa nan yon bank don ògàn, jan sa nesesè, fasilite ògàn oswa tisi don ak transplantasyon.
- **Militè ak veteran.** Si ou se yon manb nan lame, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou jan lalwa egzije sa. Nou ka lage tou enfòmasyon medikal sou pèsonèl militè etranje yo nan otorite ki apwopriye etranje militè sa yo jan lalwa egzije sa.

- **Konpansasyon travay.** Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou yo ak konpansasyon travayè oswa pwogram menm jan an. Pwogram sa yo bay benefis pou blesi ki gen rapò ak travay oswa maladi.
- **Ris sante piblik.** Nou ka divilge, lè yo mande, enfòmasyon medikal ou pou aktivite sante piblik. Aktivite sa yo jeneralman gen ladan sa ki vin annapre yo:
  - Pou rapòte oswa kontwole maladi, aksidan oswa andikap;
  - Rapòte nesans ak lanmò;
  - Rapòte abi ak / oswa negligans nan yon timoun, granmoun oswa moun ki andikape;
  - Sinyale reyaksyon a medikaman oswa pwoblèm ak pwodwi;
  - Pou avize moun sou rapèl kèk pwodwi ke yo ka sèvi avèk ak yo;
  - Notifye ak yon moun ki ka ekspoze ak yon maladi oswa oswa risk pou te pran maladi oswa gaye yon maladi oswa yon kondisyon.
- **Aktivite Sipèvizon Sante.** Nou ka, lè yo mande, divilge enfòmasyon medikal ou nan yon ajans sipèvizon sante pou aktivite lalwa otorize. Aktivite sipèvizon sa yo gen ladan yo odit, sètifikasyon, envestigasyon, enspeksyon, ak lisans. Aktivite sa yo nesesè pou gouvnèman an kontwole sistèm swen medikal la, pwogram gouvnèman an, ak respè lwa sou dwa sivil yo.
- **Pousswiv ai litij.** Si w ap patisipe nan yon pwosè oswa yon diskisyon, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou an repons a yon lòd tribinal. Nan sèten sikontans, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou an repons a yon manda oswa lòt pwosesis legal, men nou pral fè sa sèlman si efò yo te fè yo di ou sou demann lan oswa jwenn yon lòd pou pwoteje enfòmasyon yo mande oswa si ou ou tribinal la te gen yon otorizasyon ki ekri.
- **Fòs lòd.** Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou si w te mande fè sa pandan w te pase pa yon responsab aplikasyon lwa yo:
  - Nan Kad yon repons ak òdonans tribunal, nan sourepitasyon, jistifiksyon, konvokasyon ak kèk prosesis similè;
  - Idantifye oswa lokalize yon temwen enpòtan, ki fijitif, materyèl ai Moun ki disparèt;
  - Apropo viktim de krim si, nan sèten sikontans limite, nou pa kapab jwenn akò moun nan;

- Apropo yon lanmò nou kwè ka gen rezulta nan pouswit kriminèl;
  - sou kondwit kriminèl nan antite Bilh; ak
  - Nan sikonstans ijans: sinyale yon krim; kote krim lan ye oswa viktim yo; oswa idantite, deskripsyon oswa kote moun ki komèt krim lan.
- **Coroners, Egzaminè Medikal ak Direktè Funeral.** Nou ka divilge enfòmasyon medikal bay yon doktè lejis oswa egzaminatè medikal. Sa ka nesesè, pa egzanp, idantifye yon moun ki mouri oswa detèmine kòz lanmò a. Nou ka lage tou enfòmasyon medikal bay administratè ponp finèb si sa nesesè nan ekzésis fonksyon yo.
  - **Aktivite nasyonal sekirite ak ransènyeman.** Si lalwa pèmèt sa, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou bay ofisyèl federal otorize nan ansènyeman, lit kontentelijans, ak lòt aktivite sekirite nasyonal, lalwa otorize.
  - **Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan an ak lòt moun.** Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou bay ofisyèl federal otorize pou yo ka bay pwoteksyon a Prezidan an, a lòt moun ki otorize oswa ak kèk chèf deta oswa mennen ankèt spesyal, si sa otorize pa la lwa.
  - **Prizonye.** Si ou se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa anba dispozisyon lalwa, nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou nan enstitisyon koreksyonèl oswa responsab aplikasyon lalwa, nan sèten sikonstans si lalwa pèmèt sa. Vèsyon ka nesesè (1) pou enstitisyon an ba ou swen sante; (2) Pou pwoteje sante ou ak sekirize lòt moun; oswa (3) pou sekirite enstitisyon koreksyonèl la.

### Dwa ou konsènan enfòmasyon medikal sou ou.

Ou gen dwa sa yo konsènan enfòmasyon medikal nou kenbe sou ou:

- **Dwa pou yo Enspekte epi Jwenn yon Kopi.** Ou gen dwa pou yo enspekte epi jwenn yon kopi enfòmasyon medikal ou ki kapab itilize pou pran desizyon sou swen ou. Demann sa a anjeneral gen ladan dosye medikal ak fakti men li pa ka gen ladan nòt sikoterapi.

Pou enspekte ak jwenn yon kopi enfòmasyon medikal ou ki kapab itilize pou pran desizyon sou ou, ou dwe soumèt demann ou alekri bay youn nan antite ki asosye ak BILH ki nan lis sou orè a tache nan fen Avi sa a. Si ou mande yon kopi enfòmasyon an, nou ka chaje yon frè pou depans pou kopye, poste oswa lòt founiti ki asosye ak demann ou an.

Nou ka refize demann enspeksyon ou yo ak demand kopi nòt sikoterapi nan sèten sikonstans trè limite. Si yo refize ba w aksè a enfòmasyon medikal ou, ou ka mande pou yo revize refi a. Yon lòt manb nan pèsonèl swen sante ki gen lisans pwofesyonèl e ki chwazi pa antite BILLH yo pral revize demann ou an ak refi a. Moun k ap fè revizyon an pap moun ki refize demann ou an. Nou pral konfòme yo avèk rezulta revizyon an.

Pasyan k ap pran swen sante lakay yo gen dwa adisyonèl pou yo resevwa dosye yo san peye, sou demand nan pwochèn vizit lakay yo oswa nan yon fason rapid.

- **Retansyon anrejistreman**. La Lwa etatik egzije pou nou kenbe dosye lopital pou yon minimòm ven ane soti nan dat ou obsève a. Anrejistreman sa ka detwi apre ven ane san yo pa itilize yo, men yo dwe detwi nan yon fason ki sekirize, pwoteje enfòmasyon ou parapò ak dilvilgasyon ki pa otorizasyon. Dosye aparantyè, tankou fim radyolojik, analiz, lòt dosye D, anvan tout koreksyon done tès sikolojik, bann elektwonik fetis la siveyans, tras elektrokardiyogram, elektroencephalographs, ak lòt tras echantyon ki fèt pou sinyale rezulta yon tès. Dosye biwo ki nan biwo medsen an ka detwi 7 ane apre dènye dat sèvis la si pasyan an se yon minè, dosye a ka detwi apre 7 ane oswa jiskaske minè a rive nan gen 18 lane, selon sa ki pi long lan.

- **Dwa pou Modifiye**. Si ou panse ke enfòmasyon medikal nou gen sou ou pa kòrèk oswa yo enkonplè, ou ka mande nou pou ou modifye enfòmasyon an. Ou gen dwa pou mande pou w modifye osi lontan ke enfòmasyon a kenbe pa nou menm oswa pou nou menm. Demann modifikasyon ou an ap vin yon pati legal nan dosye medikal ou a, yo dwe voye l ansanm ak rès dosye yo chak fwa ou resevwa yon demand kopi. Pa gen okenn pati nan dokiman orijinal la ki nan dosye medikal la ki dwe detwi oswa chanje.

Pou dosye lopital, tanpri voye demann ou nan lopital ki apwopriye ak sa ki nan lis ki nan fen avi sa a. Pou mande pou w fè Yon chanjman nan dosye ou a, kontakte biwo doktè ou a dirèkteman. Demann pou fè modifikasyon sa dwe fèt alekri epi bay rezon ki fè w ap mande pou w fè sa a.

Nou ka refize demann chanjman ou a si li pa fèt alekri oswa ou pa enkli yon rezon pou sipòte demann lan. Nou ka refize tou demann ou an si ou mande nou chanje enfòmasyon sa:

- Li pat kreye pa nou menm, ni yon moun oswa antite ki te kreye enfòmasyon an pa disponib ankò fè amannman an;

- Sa pa fè pati de enfòmasyon medikal ki kenbe pa nou menm e pou nou menm;
  - Pa fè pati enfòmasyon ke ou ta dwe otorize pou enspekte oswa kopye; oswa
  - Se ekzat epi konplè.
- **Swa pou mande kontabilite enfòmasyon yo.** Ou gen dwa pou mande yon "kontablite divilgasyon." Sa a se yon lis enfòmasyon ki soti nan enfòmasyon medikal ou yo e ki pat jwenn otorizasyon, oswa ki pat itilize n'a kad tretman, peman, oswa operasyon swen sante yo.  
 Pou mande lis sa a oswa kontabilizasyon enfòmasyon sou divilgasyon, ou dwe soumet demann ou an alekri bay yon antite ki apwopriye ak BILH ki nan lis ki nan fen avi sa a. Demann ou an dwe endike yon peryòd tan ki pa pi long pase 6 lane epi yo pa ka gen ladan yo dat ki avan anvan 14 avril 2003. Demann ou an ta dwe endike nan ki fòm ou vle lis la (pa egzamp, sou papye, elektwonikman). Premye lis ou mande nan yon peryòd 12 mwa yo ap fèt gratis. Pou lis adisyonèl, nou ka fè ou peye pou n ap gen pou n fè nan founi lis yo. N ap fè w konnen nan ki pri y ap fèt epi ou ka chwazi retire oswa modifie demann ou an nan tan sa a anvan depans yo fèt.
  - **Dwa pou Mande Restriksyon.** Ou gen dwa pou mande yon restriksyon oswa limitasyon sou enfòmasyon medikal n ap itilize yo oswa operasyon dilvilgasyon sou ou pou tretman, pèman oswa swen sante yo. Ou gen dwa pou w mande yon limit sou enfòmasyon medikal ke nou divilge sou ou ak yon moun ki patisipe nan swen ou oswa peman pou swen ou, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi.  
 Eksepte sa ki note anba yo, nou pa oblige dakò ak demann ou an pou restriksyon sa yo. Si nou dakò, nou pral konfòme yo avèk demann ou an sof si se enfòmasyon ki nesesè pou bay tretman ijans pou ou. Dapre lalwa, nou dwe dakò ak demann pou w fè restriksyon sou divilgasyon enfòmasyon medikal ou nan yon plan sante si divilgasyon an se (1) nan objektif pèman oswa nan objektif swen sante operasyon yo, (2) se pa egzije pa lalwa, ak (3) pou yon atik oswa sèvis ou te peye an plen, an deyò de sa.  
 Pou mande restriksyon, ou dwe fè demann ou alekri ba antite ki lye ak BILH ki nan lis sou orè ki nan fen avi sa a. Nan demann ou an, ou dwe di nou (1) ki enfòmasyon ou vle limite; (2) ke ou ta vle limite itilizasyon nou an, divilgasyon an oswa tou de; epi (3) ak kiyès moun ou vle limit yo aplike, pa egzamp, divilgasyon mari oswa madanm ou.

- **Dwa pou mande komunikasyon konfidansyèl.** Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou sou zafè medikal nan yon fason ou yon lòt oswa nan yon sèten kote. Pa egzanz, ou ka mande ke nou kontakte ou sèlman nan travay oswa pa lapòs.

Pou mande komunikasyon konfidansyèl, ou dwe fè demann ou alekri ba antite ki lye ak BILH ki nan lis sou orè ki nan fen avi sa a. Nou pa pral mande ou rezon ki fè demann ou an. Nan tout diskresyon nou, nou pral akomode tout demann rezonab. Demann ou an dwe presize kijan oswa ki kote ou ta vle nou kontakte ou.
- **Dwa ak Yon kopi papye nan avi sa a.** Ou gen dwa pou w gen yon kopi sou papye nan avi sa a. Ou ka mande nou li nenpòt ki lè. Menm si ou te dakò yo resevwa avi sa pa mwayen elektwonikman, w ap toujou gen dwa a yon kopi sou papye de avi n ap pale a. Ou ka jwenn yon kopi l nan Youn nan antite ki apwopriye ak BILH ki nan lis sou orè nan fen avi sa a.
- **Chanjman nan avi sa.** Nou rezèvè nou dwa pou n chanje avi sa a. Nou rezèvè dwa pou fè revizyon avi sa a oswa chanje efikasman enfòmasyon medikal nou deja genyen sou ou yo tankou tout lòt enfòmasyon nou gen pou n resevwa nan lavni. Nou pral afiche yon kopi avi aktyèl la. Avi a ap gen dat efè sou premye paj la, nan kwen an dwat anlè paj Sila a. Anplis de sa, chak fwa ou enskri oswa yo admèt ou nan lopital la pou sèvis tretman oswa swen sante, sèvis ospitalye oswa ekstèn, n ap ba w yon kopi avi a sou damand ou.
- **Plent.** Si ou kwè dwa vi prive ou yo te vyole, ou ka depoze yon plent nan youn nan antite BILH yo lè w kontakte antite ki lye ak BILH ki nan lis la nan fen avi sa a oswa ou ka depoze yon plent nan depatman Sante ak Biwo Sèvis Imanitè pou Dwa Sivil lè w voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington D.C. 20201, rele nan 877-696-6775, oswa nan <https://www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/index.html>. Tout plent avèk antite yo BILH dwe soumèt alekri.
- **Yo pap penalize w paske w pote Yon plent.**
- **The Massachusetts Health Information HIway (Mass HIway)**

Nou patisipe nan Mass HIway, nan Echanj Enfòmasyon sou Sante Elektwonik nan tout Leta a. Mass HIway la pèmèt biwo doktè yo, lopital, laboratwa, famasi, ak enstalasyon swen enfimyè kalifye, oswa tou ak lòt òganizasyon swen sante, n ap jwenn konsantman ou nan pou Mass HIway ka itilize l kòm previ selon dwa lata ba li.

- **Pwoteksyon Konfidansyalite Espesyal pou Dosye Tretman ki Soti nan Pwogram Itilizasyon Dwòg.** Si ou te resevwa tretman, dyagnostik, oswa referans pou tretman pwogram troub nan Itilizasyon sibstans nou lan, konfidansyalite nan dosye itilizasyon dwòg oswa alkòl pwoteje pa la lwa federal ak règleman yo. An jeneral règ yo di ke nou pa ka di yon moun ki deyò pwogram yo ke w ap swiv youn nan pwogram sa yo, oswa divilge nenpòt enfòmasyon ki idantifye ou kòm yon moun ki t'ap chache oswa resevwa tretman sibstans ki gen rapò ak troub amwenske:

Ou otorize divilgasyon an alekri; oswa

- Dilvilgasyon an otorize atravè Yon lòd medikal; oswa
- Dilvilgasyon an fèt pa yon pèsonèl medikal nan kad yon ijans medikal oswa pa yon pèsonèl ki kalifye nan Kad yon rechèch, kontwòl kontab, oswa nan kad evalyasyon pwogram lan.

Ou dwe konnen tou:

1. La Lwa federalar ak règleman gouvèneman di ke itilizasyon dwòg oswa alkòl se yon krim. Yon vyolasyon sispèk ka rapòte bay prokirè Etazini an nan 617.748.3100.
2. Enfòmasyon sou yon krim ki komèt pa pasyan nan lopital la sou yon anplaye ki nan program nan oswa ke pasyan an menase pou komèt Yon Krim konsa, pa proteje.
3. Lwa sa yo pa pwoteje nenpòt enfòmasyon sou abi sou timoun yo sispèk zafè tretman timoun oswa ki pote neglijans sou timoun e ke yo te rapòte move tretman sa yo bay otorite.

Pou plis enfòmasyon al gade 42 U.S.C. seksyon 290dd-2 epi 42 C.F.R., pati 2.

- **Lòt Itilizasyon enfòmasyon medical.** Lòt itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal ki pa kouvri nan avi sa a oswa pa lwa ki aplike yo pa fèt sèlman pa pèmisyon ekri ou. Si ou ban nou pèmisyon pou itilize oswa divilge enfòmasyon medikal sou ou, ou ka anile pèmisyon sila a alekri nan nenpòt moman. Si ou revoke pèmisyon an, nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon medikal sou ou pou rezon pa rapò ak anilasyon ou mande alekri a. Ou byen konprann ke nou pa ka tounen pran nenpòt ki divilgasyon nou te déjà fè ak pèmisyon ou, e ke nou oblige kenbe dosye nou sou swen ke nou konn ba ou.

## AVI SOU NON-DISKRIMINASYON.

Antite BILH yo respekte lwa dwa sivil federal ki aplikab yo epi yo pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj andikap oswa sèks

## KOWÒDONE ANTITE YO

<b>Antite ki bay swen sante</b>	<b>Kontak</b>	<b>Nimewo telefòn</b>
Addison Gilbert Hospital	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Anna Jaques Hospital	Responsab pwoteksyon vi prive	978-463-1108
Beth Israel Deaconess Medical Center	Biwo Konfòmite ak Konduit Pwofesyonèl	617-667-1897
Beth Israel Deaconess Hospital - Milton	Biwo Konfòmite	617-313-1287
Beth Israel Deaconess Hospital - Needham	Biwo Konfòmite	781-453-5436
Beth Israel Deaconess Hospital - Plymouth	Biwo Konfòmite ak Konduit Pwofesyonèl	508-210-5942
Beth Israel Lahey Health Pharmacy, Inc.	Biwo Konfòmite ak Konduit Pwofesyonèl	617-667-1897
BID - Milton Physician Associates	Biwo Konfòmite	617-313-1287
CAB Health & Recovery Services, Inc.	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
CareGroup Parmenter Home Care & Hospice, Inc. d/b/a BILH at Home - Watertown	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Community Physician Associates	Biwo Konfòmite	617-313-1287
Concord Specialists, LLC	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Harvard Medical Faculty Physicians at Beth Israel Deaconess Medical Center, Inc.	Liy asistans sou konfòmite	888-753-6533
Jordan Physician Associates, Inc.	Biwo Konfòmite ak Konduit Pwofesyonèl	508-210-5942
Joslin Diabetes Center	Biwo Konfòmite	617-309-1971
Lahey Clinic Hospital, Inc.	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Lahey Clinic, Inc.	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Lahey Health & Medical Center	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Lahey Medical Center, Peabody	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Beth Israel Lahey Health Primary Care, Inc	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Medical Care of Boston Management Corp., d/b/a Beth Israel Deaconess HealthCare a/k/a Affiliated Physicians Group	Biwo Konfòmite	888-753-6533
Mount Auburn Hospital	Responsab pwoteksyon vi prive	617-441-1665
Mount Auburn Professional Services, Inc.	Responsab pwoteksyon vi prive	617-441-1690
New England Baptist Hospital	Biwo Konfòmite	617-754-6575
New England Baptist Medical Associates, Inc.	Biwo Konfòmite	617-754-6575

## KOWÒDONE LOPITAL YO

<b>Antite ki bay swen sante</b>	<b>Kontak</b>	<b>Nimewo telefon</b>
Northeast Behavioral Health Corporation	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Northeast Hospital Corporation (Beverly Hospital)	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Northeast Senior Health Corp.	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Northeast Medical Practice, Inc.	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Northeast Professional Registry of Nurses Inc. d/b/a Lahey Health at Home	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Radiation therapy of Winchester, LLC	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Seacoast Affiliated Practice Group, Inc.	Biwo pwoteksyon vi prive	978-463-1108
Winchester Hospital	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Winchester Physician Associates Group, LLC	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782
Winchester Physician Associates, Inc.	Liy asistans sou pwoteksyon vi prive	855-392-5782

